Edisyon pou lekti | 2026-11-20

Itilizasyon IA nan bank envestisman

Harbour Think Tank, Caribbean AI Association, under the leadership of Adrian Dunkley | 2026-11-11

Edisyon kout pou lektè. Harbour Think Tank, Caribbean AI Association, anba direksyon prezidan Adrian Dunkley. Oktòb 2026. Revizyon 11 novanm 2026.

Edisyon kout pou lektè. Harbour Think Tank, Caribbean AI Association, anba direksyon prezidan Adrian Dunkley. Oktòb 2026. Revizyon 11 novanm 2026.

Ki kote pou sèvi avè l ak limit li

Kòmanse ak demann verifikasyon, endèks dokiman ak kalandriye. Kenbe chak manda apa. Distenge sa direksyon deklare, prèv verifye ak diferans ouvè. Moun otorize responsab pri, divilgasyon ak fèmti.

Dis itilizasyon pou teste

01. Verifikasyon. Mare chak dokiman ki manke ak yon kesyon, ekip ak desizyon. Responsab elimine demann doub epi konpare ak lis espesyalis. Si antite oswa peryòd manke, mande presizyon anvan.

02. Espas dokiman. Mete kòd, vèsyon, antite ak pèmisyon nan endèks la. Administratè teste itilizatè ak aksè minimòm pou yo pa wè dosye lòt manda.

03. Eta finansye. Pran chif, lajan, peryòd ak rezèv, ak sous pou chak selil. Konpare ak rezilta verifye epi fè rekonsilyasyon deyò modèl la.

04. Konpayi konparab. Fikse dat ak definisyon mezi, ekri ajisteman yo. Yon dezyèm analis refè kalkil nan modèl verifye a. Zouti a pa chwazi pri.

05. Kalandriye. Idantifye depandans ak sekans ki fikse premye dat fèmti posib. Responsab konpare ak plan yon kowòdonatè ki gen eksperyans epi verifye dat san prèv.

06. Divilgasyon. Mare chak fraz bouyon ak yon done apwouve ak yon revizè. Direksyon verifye presizyon. Konseye legal verifye sa ki ka pibliye.

07. Kloz kontra. Konpare sitasyon egzak, anèks ak chanjman ki anvigè. Konseye legal tcheke kont kloz li make epi deside sou eksepsyon ak entèpretasyon.

08. Kesyon envestisè. Kenbe yon repons apwouve pou chak kesyon pou tout moun jwenn menm enfòmasyon. Emetè ak avoka verifye anvan yo voye. Rezève enfòmasyon konfidansyèl.

09. Pwoblèm ouvè. Separe risk, sipozisyon, pwoblèm ak depandans manda a. Fèmen yon ka sèlman lè espesyalis la mete solisyon ak prèv nan rejis la.

10. Fèmti. Mete kondisyon yo nan lòd epi bay chak youn yon moun pou konfime li. Responsab verifye prèv kèk kondisyon yo make konplè. Lis la pa otorize fèmen tranzaksyon an.

Tès pandan 90 jou

Jou 1–15: chwazi yon travay, nonmen responsab la ak moun ki gen dwa kanpe tès la. Ekri sous otorize, dwa aksè, tan ak erè pwosesis aktyèl la. Jou 16–45: prepare ka difisil ak ka ki gen kontradiksyon. Verifye chak rezilta epi kenbe tès la apa de operasyon nòmal yo.

Jou 46–75: konpare menm kalite travay epi konte preparasyon, verifikasyon ak koreksyon. Jou 76–90: egzamine gwo erè yo epi deside elaji, ajiste oswa fèmen. Gwoup la pwopoze metòd ak

priyorite sa yo san li pa mezire rezilta aplikasyon nan yon konpayi. Orijinal anglè a bay sik travay la, responsablite yo ak nòt sou sous yo.

Referans

[1] Caribbean AI Association. Think Tanks, Harbour remit. Accessed 26 October 2026.

[2] Financial Services Commission, Jamaica. Guidelines for Issuers of Securities, August 2022, SR-GUID-22/08-0002, sections 1–4, 8 and 10.

[3] Financial Services Commission, Jamaica. Market Conduct Guidelines for Securities Dealers, 31 January 2020, sections 4–5.

[4] United States Securities and Exchange Commission. Beginners' Guide to Financial Statement, 4 February 2007; updated 5 February 2007. Financial-statement types, cash flows and notes.

[5] National Institute of Standards and Technology. Artificial Intelligence Risk Management Framework 1.0, 2023, section 5, framework core.

[6] Office of the Information Commissioner, Jamaica. Data Protection Standards. Accessed 26 October 2026.

[7] Agent Skills. Agent Skills Overview. Accessed 10 November 2026.

Edisyon kout sa a mache ak tout tèks orijinal la ann anglè.

Edisyon anglè a (PDF)